

Pran vaksen. Rale telefòn entèlijan w. Kòmanse avèk v-safe.

Kisa v-safe ye?

V-safe founi bilan sante ki pèsonalize epi ki konfidansyèl atravè mesaj tèks ak sondaj sou entènèt pou w kapab pataje avèk CDC byen rapid e byen fasil kijan ou menm oswa depandan w lan santi nou apre nou fin pran yon vaksen kont COVID-19. Sa ap sèlman pran kèk minit pou enskri epi patisipasyon w nan **v-safe** ap ede nou kontwòle nivo sekirite vaksen kont COVID-19 yo pou tout moun.

Karakteristik V-safe:

- **Enskri depandan w yo** epi konplete bilan an nan non yo
- **Antre**, epi rapòte, fason ou santi w apre **premye dòz, dezyèm dòz, dòz adisyonèl ansanm ak dòz rapèl yo**

Kòman mwen kapab enskri e kòman li fonksyone?

Ou kapab enskri nan **v-safe** apre nenpòt dòz vaksen kont COVID-19 apati telefòn entèlijan w lan ak lè w ale sou v-safe.cdc.gov.

Pandan premye semèn apre chak vaksinasyon, **v-safe** pral voye yon mesaj tèks ba ou chak jou pou mande w kòman w santi w. Apre sa a, ou pral resevwa bilan pa okazyon, kote w kapab anile enskripsyon w nan yo nenpòt lè w vle. Toudepannde repons ou, yon moun nan CDC ka rele w pou l jwenn plis enfòmasyon. Yo pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou nan **v-safe** pou yo kapab rete pwoteje e prive*.

Kòman mwen kapab enskri depandan m nan?

Ou kapab enskri nenpòt manm fanmi (oswa zanmi) ki elijib pou yo pran vaksen nan **v-safe**. Timoun ki gen pi piti pase 16 lane yo dwe enskri apati kont **v-safe** yon paran oswa responsab legal. Ou kapab ajoute yon depandan sou kont ou deja genyen an oswa w kapab kreye yon nouvo kont si w poko gen youn. Kreye yon kont pou enskri yon depandan pa mande pou antre pwòp enfòmasyon vaksinasyon pa w oswa pou konplete bilan sante yo pou tèt ou.

Ou bezwen enstriksyon etap pa etap? Ale sou: www.cdc.gov/vsafe

***v-safe** itilize sistèm enfòmasyon ki deja egziste ke CDC, FDA, ansanm ak lòt ajans federal yo itilize yo. Sistèm sa yo itilize yon seri mezi sekirite ki estrik pou kenbe enfòmasyon yo konfidansyèl. Mezi sa yo konfòm, lè sa aplikab, ak lwa federal ki vini an apre yo, ni ak Lwa sou Vi Prive 1974 la; nòm yo adopte yo konfòm ak Lwa sou Pòtabilite ak Responsablite Asirans Sante 1996 (HIPAA) la; Lwa sou Jesyon Sekirite Enfòmasyon Federal la, ansanm ak Lwa sou Libète Enfòmasyon an.



verifikatè sante apre vaksinasyon

**Enskri apati navigatè
ki sou telefòn entèlijan
w lan nan
v-safe.cdc.gov**

Fè ni zanmi w yo ni CDC
konnen w ap itilize v-
safe! Pibliye yon sèlfi epi
itilize hashtag
#BeSafeVSafe



Ou bezwen èd avèk v-safe?
Rele 800-CDC-INFO (800-232-4636)
TTY 888-232-6348
Louvri 24 sou vennkat, 7 jou sou sèt, Ale sou www.cdc.gov/vsafe

